# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ МИЛЛИЙ КЕСТЕШИЛИК ӨНЕРИ

**Жолдасбаева Гульнара Рашидовна**

*Мухаммед аль-Хорезмий атындағы Ташкент информация технологиялары университети, Нөкис*

Дүнья жүзинде көплеген халықлар ҳәм миллетлер бар болып, бул халықлардың ҳәр бириниң өзине тән мәденияты да бар. Әсиресе, бул олардың үрп-әдетлеринде ҳәм дәстүрлеринде өз сәўлелениўин тапқан. Қарақалпақ халқы да басқа халықлар сыяқлы өзиниң тарийхына, мәдениятына ҳәм үрп-әдетлерине ийе. Атап айтқанда қарақалпақ халқы өзиниң миллий кийимлери менен басқа миллет ўәкиллеринен ажыралып турады. Мысалы: сәўкеле, жегде, киймешек, көк көйлек сыяқлы миллий кийим түрлери бар. Бул кийимлер қарақалпақ халқының миллийлигин көрсетеди. Сол себепли қарақалпақ халқының миллий кийимлери өз халқы ушын қәдирли ҳәм муқаддес есапланады. Бул миллий кийимлер ҳаққында билиў ушын биз тарийхқа нәзер таслаймыз. Биринши Президентимиз И.А.Каримов: «Өзликти аңлау тарийхты билиўден басланады,» - деп бийкарға айтпаған [И.А.Каримов. 1998. – 5]. Яғыный бизлер тарийхты билиў арқалы ғана үрп-әдетлеримизди, мәдениятымызды ҳәм миллий кийимлеримиз ҳаққындағы мағлыўматларды билиўимиз мүмкин.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының миллий кийимлери ҳәр түрли қарақалпақлардың миллий нағыслары менен кестелеп тигилген. Қарақалпақ ҳаял-қызлары ертеден кестешилик пенен шуғылланған. Кестени биз бенен, тебен менен ямаса ийне менен тигиў, онда ҳәр түрли сабақлардан пайдаланыў бул барлық түркий халықларына тән болған усыл. Бирақ, олар өз өзгешеликлерине ийе. Атап айтқанда, қарақалпақ ҳаял-қызлары тек кийимлерди емес, үй-үскене буйымларын да нағыслап тиккен. Халықтың миллий дәстүрине айланған кестешилик бүгинги күнге дейин өз мазмунын жойтпай, керисинше олар жаңа үлгилер менен байыды.

Кестешилик қарақалпақ ҳаял-қызларының сүйикли қол өнериниң бири болған. Кесте ҳәр түрли жипек сабақлар менен кийимниң жағаларына, жең ушларына, қалтаның аўызларына, көйлеклердиң жағасына ҳәм етеклерине, сондай-ақ айырым ўақытларда көйлеклердиң дерлик ҳәмме жери нағысланып тигилген. Кийимлерди тигиўде ҳәр түрли материаллардан пайдаланылған.

Ҳәр дәўирге байланыслы қарақалпақ халқы өзиниң қатнас жасаған еллеринен материаллар алып, оны өз кийимлерине пайдаланып отырған. Мәселен, 1811-жылы қарақалпақлар Хийўа ханлығының қол астында болған ўақытларда Хийўа саўдагерлери ел арасына өз таўарларын әкелип сатқан. Ал, жергиликли халық бул материаллардан киймешеклерге, шапанларға пайдаланған. Буған бухар шайылары мысал бола алады. Ал, 1873-жылдан тап

1917-жылға шекем патша Россиясының қурамында болған ўақытларында рус саўдагерлери өзлериниң таўарларын қарақалпақлар арасына әкелип сатқан. Қыз-келиншеклеримиздиң басларына ораған мәдели, түрме, айдыллылары усы дәўирде пайдаланыла баслаған. Сондай-ақ, мақпаллар, рус сухнолары әкелинип сатылған. Рус сухносын қарақалпақлар «ушыға» деп қастерлеп, оны киймешектиң алдына, қуйрықшасына, көйлеклердиң жағасына, бешпент ҳәм жегделердиң жағасына кестелеп пайдаланған [Камалова Г. 1986. – 20].

Кестелеў өнеринде ҳәр түрли нағыслардан пайдаланылады. Кийимлер усы нағыслар арқалы сулыў ҳәм әжайып етип кестелеп тигилген. Тек ҳаял-қызлар кийимлери емес, балалардың тақыялары да, гүрте ҳәм гүртешелери де, ер адамлардың кийимлериниң жағалары ҳәм жеңлери де, белбеўлери де, сондай-ақ үй буйымлары болған шынықап, кергилер де, аттың жипек жоналары да, айыллары да, көзликлери де кестелеп нағыслар менен тигилген. Қарақалпақ ҳаял-қызларының кийимлериниң өзгешелиги сонда қыз-келиншеклердиң кийимлери ашық қызыл фон менен тигилген нағыслардан ибарат. Ал, жасы қайтқан ҳаялларда болса солғын реңлер менен берилген. Мысалы, қызыл киймешек ҳәм ақ киймешек, жипек жегде ҳәм ақ жегде ҳ.т.б. Сондай-ақ, халқымыз узақ ҳәм машақатлы дәўирлерди басынан кеширген. Бул дәўирлердеги арзыў-әрманларын ҳаял-қызларымыз шебер қоллары менен тиккен кестелеринде ҳәм нағысларында көрсетиўге ҳәрекет еткен.

XIX әсирдиң ақырларында кесте көбинесе қызыл ҳәм қара ушығаға (сухно) тигилетуғын болған [Камалова Г. 1986. – 22]. Кесте тоқыў ушын керекли болған негизги нәрселер: қызыл ҳәм қара реңли ушыға, ақ ҳәм көкке боялған бөз, ҳәр түрли реңли жипек сабақ. Усыларды пайдаланып кесте тоқыў ушын қарақалпақ қыз-келиншеклери ийнеден басқа әсбап қолланбаған [Алламуратов А. 1993. – 49].

Кийимлерди тигиў ушын пайдаланылатуғын нағыслар үлкен әҳмийетке ийе. Қарақалпақ миллий нағыслары төртке бөлинеди: геометриялық нағыслар, мүйиз мотивиндеги нағыслар, зооморфлы нағыслар ҳәм өсимлик типиндеги нағыслар. Жасы үлкен апаларымыз айтыўына қарағанда кестелеў өнерин еки түрге бөлген: 1. Ертеден киятырған қарақалпақ халқының миллий нағысы; 2. Қоңсы халықлар менен байланысы арқалы кирип келген нағыслар.

Қарақалпақ миллий нағыслары тәбиятқа байланыслы ҳәм дәўирдиң өзиниң өзгешелигине байланыслы ықшамланып ҳәм өзгерип барған. Мысалы: ҳайўанатларға уқсатып сызылған нағыслар «Қус тырнақ», «Қус қанат», «Ғаз мойын», «Қумырысқа бел» ҳ.т.б. Ал, өсимликлерге уқсатып сызылған нағысларға «Ғаўаша гүл», «Қәрели гүл», «Жарты гүл» ҳ.т.б.

Нағыслардың ишинде «сегиз мүйиз» ҳәм мүйиз мотивиндеги нағыслар үлкен әҳмийетке ийе. Халқымызда аўыздан-аўызға өтип киятырған бир рәўият бар. Бул рәўият Н.Қуттымуратовадан жазып алынды.

Бурында қарақалпақ халқын басқарған бир бий болған екен. Усы бийдиң үш қызы болған. Биринши қызы ақыллы, бирақ, байлыққа қызығатуғын болған. Екинши қызы сыпайы, өнерге қызығатуғын, ҳеш нәрсе менен жумысы жоқ еди. Ал, үшинши қызы болса оғада ақыллы ҳәм жүдә сулыў еди. Бий еки қызын бир жасы үлкен ҳаялға өнер ўйретиў ушын тапсырады. Ал, генже қызын сулыў болғанлықтан улыўма үйинен шығармай өсиреди. Ҳәтте, дәрўазадан шығыўға да рухсат бермеген. Бийдиң үйинде еки хизметши ҳаял бар еди. Генже қызы үй жумысларында усы ҳаялларға жәрдемлесетуғын болған. Усы еки хизметши ҳаяллар генже қыздан көзин үзбейтуғын еди. Генже қыз сыртқа шығыўды қәлейтуғын еди. Бир күни хизметкер ҳаял бир жумыс пенен сыртқа шығып кетеди. Буннан пайдаланған генже қыз дәрўазадан сыртқа қарап шығады. Бәҳәр мәўисими болғанлықтан тәбият оғада сулыў еди. Қыз буларды көрип көзи қуўанады. Бийдиң қойларын бағып жүретуғын бир шопан бала қөрип оған ашық болып қалады. Шопан жигит оқымыслы болып, молланың баласы еди. Ол қойларды бағып жүрип сырнай шертип жүретуғын болған. Шопан жигит генже қызды көрип, сырнайды шертпестен бийдиң есигиниң аўзына қараў менен қатып қалады. Бий сырнайдың даўысы шықпай қалғанлығынан гүманланып сыртқа шықты. Генже қыз бул ўақытта үйдиң ишине кирип кеткен еди. Бий шопан жигиттиң есикке қарап турғанын көрип гүманлана баслады. Шопан жигит бир күн даўамында сол жерден қыймылдамастан турды. Ол қызды және сыртқа шығады деп үмитленген еди. Ал, буны көрген бий шопан жигитти зинданға таслайды. Бий шопан жигиттиң қызларының бирине ашық болғанлығын билген еди ҳәм оннан бул ҳаққында сорады. Бирақ, жигит ҳеш нәрсе деместен тура берди. Бий үш қызын биреўинен кейин биреўин шақырады. Бий усы арқалы шопан жигиттиң қайсы қызына ашық болғанлығын билмекши еди. Қызларын алдына шақырмастан алдын ол шопан жигитке егер қайсы қызыма ашық болған болсаң сол қызымды сениң көзиңниң алдында өлтиремен деген еди. Үшинши қызы бийдиң алдына киятырғанын көрген шопан жигит пышақты алып өзиниң көзин ойып алады. Шопан жигит сол ўақытта өледи. Бий ўақыттың өтиўи менен қылмысынан пушайман болады. Усындай күнлердиң биринде сол шопан жигиттиң сырнайының даўысы және еситиледи. Бул сырнайдың даўысын еситип ҳәмме сыртқа шығып оны излейди. Бирақ, шопан жигитти ҳешким таба алмайды. Сол ўақытта дийўалға қараса, дийўалда мүйиз мотивиндеги нағыслар пышақ пенен ойып сызылғанлығын көреди. Жасы үлкен өнер үйретиўши ҳаял усы нағысларды кестелеп тоқыйды. Бирақ, бул мүйиз мотивиндеги нағыслар арқалы жигит не демекши екенин ҳеш

ким түсинбейди. Жасы үлкен адамлардың айтыўларына қарағанда, бийдиң генже қызы усы нағыслар арқалы жигит не демекши екенин билген екен. Усы арқалы қарақалпақлар арасына мүйиз мотивиндеги нағыслар кирип келген екен [Д.ж.а. №1. 2013]. Бул рәўият қарақалпақлар арасында аўыздан-аўызға өтип усы күнлерге жетип келген.

Қарақалпақларда қыз бала турмысқа шыққаннан кейин қыздың анасы ҳәм усы урыўдағы ҳаяллар қызды көриў ушын барған. Усы келген ўақтында қыз ақ бөзге мүйиз мотивиндеги нағысты тоқып берип жиберсе, қыз барған жеринде жақсы ҳәм бахытлы болып жүргенин билдирген. Ал, ақ бөзге күйе менен мүйиз мотииндеги нағысты сызып берсе, усы шаңарақта оты менен кирип, күли менен шығып жүрмен, дегенди билдирген. Усылар арқалы қыздың ата-анасы ҳәм усы урыў ағзалары қыздың жағдайын билген екен [Д.ж.а. №1. 2013].

Қыз ҳәм келиншеклердиң көйлеклери әдеўир өзгеше болады. Буларда жипек көйлек, пашшайы көйлек, көк көйлек қуны жағынан ҳәтте бирнеше малдың баҳасына тең. Мәселен, бир көк көйлектиң баҳасының өзине бес сыйыр талап етилген. Материалының қандай екенлиги белгисиз. Бирақ өне бойы нағыс. Ең шебер адамлардың өзи бир көйлекти төрт-бес жыл тиккен. Бир көйлектиң жағасының өзине отыз түрли нағыс ойылған [К.Мәмбетов. 1995. – 115-116].

Кийимлердиң реңлерин ҳәм нағысларды тоқыўда қолланылатуғын реңлерди таңлаў халықтың этнографиялық тарийхы менен тығыз байланыслы. Көркем өнер изертлеўши илимпазлардың айтыўынша ҳәр қандай рең өзине тән қәсийетке ийе болған. Көк түс - аспанның символы, қызыл түс - оттың, күн нурының, ақ түс – ҳақыйқатлықтың, қуўаныштың, сары түр – ақыл парасаттың, қара түр - жердиң, жасыл түр – жаслықтың ҳәм бәҳәрдиң символы ретинде сәўлеленген [Камалова Г. 1986. – 26].

Ҳәр бир кийимди тигиў ушын ҳәр қыйлы нағыслардан пайдаланылып кестелеп тигилген. Мәселен, киймешектиң нағысларының өзи он бес болған: «ғаўаша гүл», «гүл», «қәрели гүл», «шырыш пискекше», «тенге гүл», «қумырысқа бел», «қурбақа гүл», «сегиз мүйиз» ҳ.т.б. Жегдениң нағыслары «ромб», «атанақ», «түйе табан», «қос мүйиз» сыяқлы нағыслардан пайдаланылып тигилген. Ал, көк көйлекти тигиўде көбинесе мүйиз мотивиндеги нағыслар көплер пайдаланылған («мүйиз», «қос мүйиз», «қошқар мүйиз», «сегиз мүйиз»). Усындай үлгиде тигилген қарқалпақ миллий кийим-кеншеклери ҳәзирги күнде Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты музейинде, Бердақ атындағы Қарақалпақ әдебияты тарийхы мәмлекетлик музейи ҳәм де Савицкий атындағы көркем-өнер музейинде сақланбақта.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. – Тошкент, 1998. 5-б.
2. Камалова Г. Гөззал үлке. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1986. – Б. 20, 22, 26.
3. Алламуратов А. Мәнги мийрас. – Нөкис: Билим, 1993. 49-б.
4. Д.ж.а. №1. А.Кунназаров көшеси, 16/4-үй. Н.Қуттымуратова. 2013.
5. Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. – Б. 115-116.